Муниципальное учреждение «Отдел образования Шалинского муниципального района»
**МУНИЦИПАЛЬНОЕ БЮДЖЕТНОЕ ОБЩЕОБРАЗОВАТЕЛЬНОЕ УЧРЕЖДЕНИЕ «СРЕДНЯЯ ОБЩЕОБРАЗОВАТЕЛЬНАЯ ШКОЛА С. ДУБА-ЮРТ ШАЛИНСКОГО МУНИЦИПАЛЬНОГО РАЙОНА»**
**(МБОУ «СОШ с. Дуба-Юрт»)**

Муниципальни учреждени «Шелан муниципальни кIоштан дешаран дакъа»
**МУНИЦИПАЛЬНИ БЮДЖЕТНИ ЙУКЪАРАДЕШАРАН ХЬУКМАТ «ДУБИН-ЭВЛАН ЙУККЪЕРА ЙУКЪАРАДЕШАРАН ИШКОЛ»**
**(МБЙХЬ «Дубин-эвлан ЙЙИ»)**

РАССМОТРЕНА
на заседании педсовета
протокол № 3 от «10» ноября 2024 год

УТВЕРЖДЕНА
Приказом МБОУ «СОШ с. Дуба-Юрт»
«10» ноября 2024 год № 163

# Программа по подготовке обучающихся к олимпиадам по

## к участию в предметных олимпиадах

## по чеченской литературе

---

с. Дуба-Юрт - 2024

## 1. <u>Кхеторан кехат</u>

***Программа х1оттийна 10-11-чу классашкахь нохчийн литературин олимпиадина кечамбеш методически г1о-накъосталла даран 1алашонца.***
***Нохчийн мотт – нохчийн къоман мотт а, Нохчийн Республикин пачхьалкхан мотт а бу, цу бахьано хьелаш кхуллу цуьнан 1алашбаран а, кхиоран эшар. 10-11 классашкахь нохчийн мотт а, нохчийн литература а хьажийна йу дешархойн интеллектуале-довзаран, коммуникативе, исбаьхьаллин – эстетикин пох1ма кхио а, коьрта г1иллакхе-этикин кхетам кхолла а, личностана нохчийн къоман культура марзйан а.***

***Литература уггар эвсаре гIирс бу шен кхачаме стаг хила (ша шен кхето, ша шен кхио), гонахьарчу хиламийн хьелашца тарвала, иштта кхоллараллин жигараллин стимулятор а йу.***

***«Ненан (нохчийн) меттан литература» предмет – иза беран интеллектуале а, гIиллакхе-этикин а кхиаран тIегIа къастаден гуманитарни дешарх коьрта предмет йу.***

***Литературин дешаро аьтто бо йешаран маьIна а девзаш, литература Iаморо шегахь къонахчун амал кхиайой а хууш, шен дуьненхьежамна дашца а, йозанца а бух бало а хууш, адамца а, йукъараллица а йаха хууш йолу кхетаме личность кхио.***

***«Ненан (нохчийн) меттан литература» предмет 1аморо кхочушйан йеза рог1ера 1алашонаш:***

***- нохчийн литературехь эстетикин аг1онхьара кхеташ болчу гуманистически дуьненхьежам, Россин йукъара гражданинан кхетам а, къоман синкхетам а, патриотан дог-ойла а йолуш, дукха къаьмнаш долчу Россин халкъех шен халкъ хтиларх дозалла а хеташ йолу амал личностехь кхиор.***

***- нохчийн литература йовзаа лааран дог дар кхоллар , нохчийн къоман ширачу заманера схьайог1у культура мехалла хетар кхиор, дешархо шен къоман мотт а, культура а 1аморан кха т1е ваккхар, къоман культурин т1аьхьалонна йукъавалор.***

***Граждански кхетош-кхиоран:***
***гражданинан декхарш кхочушдан а, цуьнан бакъонаш тIеэца а кийча хилар, кхечу адамийн бакъонаш, маршо, бакъдолу хьашташ ларар; доьзалан, дешаран хьукматан, меттигерчу йукъараллин, виначу мехкан, пачхьалкхан дахарехь жигара дакъалацар, цу йукъахь нохчийн маттахь йазйинчу литературин произведенешкахь гайтинчу хьелашца дустарехь дакъалацар а; адаман дахарехь тайп-тайпанчу йукъараллин институташа дечу гIуллакхах кхетар; коьртачу бакъонех, маршонах, гражданинан декхарех, йукъараллин норманех,***

*нохчийн маттахь йазйинчу литературин произведенешкарчу масаллийн буха тІехь кхиийнчу поликультурни йукъараллехь адамийн вовшашца йолчу йукъаметтигийн бакъонех лаьцна кхетам хилар; цхьаьна тайп-тайпана гІуллакхаш кхочушдан кийча хилар, вовшех кхета, вовшашна гІо дан гІертар; ишколан шайн урхаллехь жигара дакъалацар; гуманитарни гІуллакхдарехь дакъалаца кийча хилар.*

*Патриотически кхетош-кхиоран:*
*Нохчийн Республикин пачхьалкхан матто санна нохчийн матто дечу гІуллакхах кхетар; нохчийн мотт, истори а, шен мехкан культура а йовза лаам гучубаккхар; нохчийн маттаца, шен Даймехкан кхиамашца, Іилманца, исбаьхьаллица, тІеман хьуьнарщца, халкъан къинхьегаман кхиамашца, (цу йукъахь исбаьхьаллин произведенешкахь гайтинарш а), мехала йукъаметтигаш йолуш хилар; Нохчийн Республикин символш, пачхьалкхан дезденош, исторически а, Іаламан а тІаьхьало,хІолламаш, тайп-тайпанчу къаьмнийн ламасташ ларар.*

*Синъоьздангаллин кхетош-кхиоран:*
*Искусствон башх-башха тайпанаш а, шен къоман а, кхечу къаьмнийн а ламасташна, кхоллараллина а битаме хилар, искусствон синхааме т1е1аткъамах кхеташ хилар, исбаьхьа культура ладаме хетар, Даймехкан а, дуьненан искусствон мехаллех кхеташ хилар, этносийн культурин ламасташ а, халкъан кхоллаpалла а маь1не хетар, тайп-тайпанчу искусствошкахь шен меттиг каро хьажар а.*

*Пох1ма долчу дешархошца бечу белхан кхеторан программа 1алашонаш:*

- *пох1ма долу дешархой билгалбахар;*
- *пох1ма долчу дешархошна шайн говзаллех пайда эца аьтту бар (олимпиадашна , интеллектуальни меропириятешна а йукъахь дакъа лацар);*
- *пох1ма долчу дешархошна т1е тидам бахийтар;*
- *пох1ма долчу дешархошна кхиамаш баха г1о дар.*

*Декхарш:*

- *дешархойн пох1ма гучудаккхарехь болх бар;*
- *шайн 1алашоне кхочург хиларх уьш тешор;*
- *къинхьегамца бен лакхене кхочург цахиларх уьш тешор.*

*Методаш:*

- *талларан (исследовательские)*

– *лехаман (поисковые)*
– *халонаш нисъяларан (проблемные)*
– *йозанан белхийн (практические).*

***2. Олимпиадина кечамбаран курс чекхйаьлча дешархой хаа декхарийлахь бу:***

***- Тайп-тайпанчу кепехь олимпиадни т1едахкарш кхочушдан (тесташ, кхоллараллин белхаш, йозанан кепехь хаттаршна жоьпаш йаздан);***

***- Текстан талларан башхаллаш йовзар;***

***- Нохчийн меттан луг1атех пайдаэцар.***

**3. 2023-2024 дешаран шарахь нохчийн мотт хьехаран план**

| № | 1амочу коьчалан ц1е | Сахьт | Хан |
|---|---|---|---|
| *1* | *Нохчийн меттан дешан мах.* | *2* | |
| *2* | *Говзаран литературин тайпа билгалдаккхар.* | *2* | |
| *3* | *Говзаран стихан барам билгалбаккхар.* | *4* | |
| *4* | *Суртх1отторан г1ирсашца болх.* | *4* | |
| *5* | *Говзаран тема къастайар.* | *3* | |
| *6* | *Говзаран коьрта идея муха хуьлу?* | *2* | |
| *7* | *Х1окху говзаран муха эпигриф йалор йара ахь?* | *1* | |
| *8* | *Эпигрифашца болх бар.* | *2* | |
| *9* | *Текстан дакъошца болх бар.* | *3* | |
| *10* | *Нохчийн халкъан барта кхоллараллин жанраш.* | *2* | |
| *11* | *Оьрсийн матте гочдар.* | *3* | |
| *12* | *Терминашца болх бар.* | *3* | |
| *13* | *Материал схьайийцаран хьалха-т1аьхьалла.* | *2* | |

| | | | |
|---|---|---|---|
| ***14*** | ***Ойлайан а, анализ йан а, хиламаш дуьхь-дуьхьал х1итто а хаар.*** | ***2*** | |
| ***15*** | ***Чулацамца дог1уш къамел нисдар (кечдар).*** | ***2*** | |
| ***16*** | ***Дешнийн хьал, меттан тайп-тайпанчу г1ирсех пайдаэцар.*** | ***2*** | |
| ***17*** | ***Орфографически а, пунктуационни а, грамматически а, къамелан а г1алаташ цахилар;*** | ***3*** | |
| ***18*** | ***Роман, повесть, дийцар, очерк, рецензих кхетам.*** | ***3*** | |
| ***19*** | ***Коммуникативни д1ах1оттам*** | ***2*** | |
| ***20*** | ***Йаздархойх, поэтех, церан дахарх.*** | ***3*** | |
| ***21*** | ***Оьрсийн классикаш-нохчийн маттахь.*** | ***2*** | |

## 4. График работы с детьми

| **№** | **Дни недели** | **Время** |
|---|---|---|
| 1 | Вторник | 14.00-15.00 |
| 2 | Среда | 14.00-15.00 |

## 5. Методикин литература

***Ахмадов М.М., Алиева З.Л.-А. Нохчийн литература 10 класс учебник-Соьлжа-г1ала 2021.***
***Ахмадов М.М., Алиева З.Л.-А. Нохчийн литература-хрестомати Соьлжа-Г1ала 2021.***
***Абдулкадырова Р.А., Бураева Т.И. Нохчийна литература-хрестомати Соьлжа-Г1ала 2021.***
***Соьлжа-Г1ала АО «ИПК «Грозненский рабочий»-2021.***